

# ENFÒMASYON SOU FWÒD KONSOMATÈ

---

LIY TELEFÒN DIRÈK AK  
SIT ENTÈNÈT

**1-800-378-0445**  
**First.FLDFS.com**

BIWO AVOKA JENERAL  
ETA FLORID LA

**1-866-966-7226**  
**www.myfloridalegal.com**

DEPATMAN AGRIKILTÌ  
AK SÈVIS KONSOMATÈ  
NAN FLORIDA

**www.floridaconsumerhelp.com**

DEPATMAN BIZNIS AK  
RÈGLEMAN PWOFEYONÈL  
NAN FLORIDA

**850-487-1395**  
**www.myfloridalicense.com**

# A PWOPO DE NOU

---

# KONTAKTE NOU

---










# EVITE FWÒD KONTRAKTÈ KI REPAIRE KAY



## VERIFYE KONTRAKTÈ A

Pran prekosyon: li posib ke se yon vòl si yon kontraktè...

-  Mande w tout lajan an davans anvan pou l fè travay la.
-  Mande w pou "kwè l nan sa li di w la" epi li pa gen yon kontra pou w siyen sou papyè
-  Di li pa bezwen yon pèmi nan yon vil oswa yon konte ki egzije yon pèmi
-  Di ke li bezwen plis lajan nan men w akòz pwoblèm li pa t "antisipe".
-  Ap kondwi yon machin ak yon plak lisans ki sòti nan yon lòt eta.
-  Travay pou yon konpayi ki gen yon adrès andeyò eta a oswa sèlman yon adrès bwat postal oswa adrès yon otèl.
-  Kondwi yon machin ak non yon konpayi ki diferan de non konpayi kontraktè a sipoze ap travay pou li a.



## KONSTRIKSYON SA POU FÈ AK SA POU PA FÈ:

- **MANDE** pou wè lisans kontraktè a epi asire w li koresponn ak non moun ki montre w li a.
- **PRAN** kontak avèk Depatman Biznis ak Règleman Pwofesyonèl Florid la nan 850-487-1395 oswa [www.myfloridalicense.com](http://www.myfloridalicense.com) pou verifeye estati lisans lan
- **CHÈCHE** detèmine konbyen tan kontraktè a genyen nan biznis la.
- **MANDE** referans epi tcheke yo. CHWAZI plizyè kontraktè epi pran yon estimasyon nan men chak
- **EPI** asire w ke estimasyon an oswa òf la gen ladan l:
  - Enfòmasyon sou kontraktè a ak yon deskripsyon detaye sou travay yo pral fè a.
  - Depans pou mendèv ak depans pou materyèl separe.
  - Depans detaye pou chak grenn materyèl kontraktè a gen entansyon itilize
  - Yon dat pou lè travay la ap fin fèt
- **FÈ** kontraktè a ba w yon kontra sou papyè - li kontra a, ranpli tout espas vid yo, asire w ke li genyen non kontraktè a, adrès, nimewo telefòn, nimewo lisans, deskripsyon travay la, dat travay la ap fini ak nenpòt lòt garanti. PA anboche yon kontraktè ki mande pou peye davans - fè aranjman pou peye lè yo fini oswa pa mòso. PA siyen sètifika ki di travay la fini jiskaske tout travay la fini ak satisfaksyon.
- **PA** peye lajan kach
- **PA** aplike oumenm pou okenn pèmi konstriksyon

## ESKE W PANSE OU SE YON VIKTIM FWÒD KONTRAKTÈ?



Si oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim fwòd anba men kontraktè, kontakte **Sèvis Ankèt ak Kriminèl la nan Divizyon Depatman Sèvis Finans Florid** la pou rapòte ensidan an. **Fwòd kontraktè se yon zak ilegal epi li gen konsekans arestasyon ak pouwit lajistis.**



Ou gen dwa pote plent tou nan **Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florid** la, ki aji kòm biwo nan eta a pou konsomatè yo pote plent.

